



Pou Piblikasyon Imedya: 24/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AK PROKIRÈ JENERAL JAMES ANONSE 2 MILYON DOLA AMAND KONT KONPAYI KI TE EKSPLWATE PUI PETWÒL YO ILEGALMAN

*James Lee te resevwa lòd pou bouche plizyè santèn pi petwòl ki te mete an danje
dlo potab nan konte Steuben ak Cattaraugus*

*Desizyon an gen ladann pi gwo amand finansye ki janm enpoze pou vyolasyon
fèmti pui yo*

Gouvènè Kathy Hochul ak Pwokirè Jeneral New York Letitia James te anonse jodi a yon jijman 2 milyon dola nan yon pwersè kont James R. Lee ak antrepris afilye li yo pou vyolasyon flagran règleman pui petwòl ak gaz eta a epi ki mete kominote yo an danje nan konte Steuben ak Cattaraugus. Lee ak konpayi li yo te òdone pa yon jij nan Tribunal Siprèm Eta a pou yo peye penalite a - pi gwo penalite finansye ki te enpoze nan yon ka pui petwòl ak gaz - epi pou yo mete pui petwòl li yo an konfòmite total ak lwa eta a. Pandan plizyè ane, Lee ak konpayi li yo pa te byen bouche pi yo te eksplwate yo, sa ki te reprezante yon gwo danje pou rezèv dlo potab ak nan lage metàn nan zòn ki antoure pi yo.

"Administrasyon mwen an konsantre sou pran mezi desizif pou pwoteje dlo pou bwè yo nan kominote yo atravè eta a, epi sanksyon finansye rekò yo anonse jodi a se yon gwo viktwa pou New York", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nou rete fèm nan efò nou pou rann responsab nenpòt moun ki mete an danje sante ak sekirite Nouyòkè yo. Mwen remèsyé Pwokirè Jeneral Letitia James pou patenarya li nan pran aksyon pou pwoteje sante publik ak anviwònman nan konte Steuben ak Cattaraugus."

Pwokirè Jeneral Letitia James te deklare, "Sa a se yon viktwa enpòtan pou efò nou yo pou pwoteje lè ak dlo New York yo. Pui petwòl sa yo ke yo te ekplwate ilegalman te menase dlo potab pou anpil fanmi nan Southern Tier ak Lwès New York epi yo te poze gwo domaj nan anviwònman an. Ka sa a ta dwe fè li klè ke New York pral kanpe devan nenpòt moun ki menase sante kominote nou yo oswa resous natirèl nou yo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul, Komisè Seggos ak patnè nou yo nan DEC pou patenarya yo nan kanpe polyè yo ak pwoteje pèp la."

Komisè Depatman pou Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare, "Jijman sa a se yon jou enpòtan pou Lee ak konpayi li yo apre plizyè ane mepri flagran

egzijans estrik Eta New York yo nan plizyè santèn sit pui petwòl nan konte Steuben ak Cattaraugus. Mwen remèsye Pwokirè Jeneral James ak ekip li a ak anplwaye mwen yo pou travay san pran souf yo pou mennen vyolatè pèsistan sa a devan jistis. Ka san presedan sa a demonstre ke Eta New York pral fè tout efò pou pou suiv polyè yo ak rann yo responsab pou domaj yo fè sou anviwònman ak kominote nou yo."

Pandan plizyè ane, Lee ak afilye kòporasyon li yo - Lee Oil Company, Inc., Whitesville Producing Corporation, Whitesville Production Corp., Allegro Oil & Gas Inc., ak Allegro Investments Corporation - te posede oswa te opere plizyè santèn pui petwòl nan konte Steuben ak Cattaraugus. Operasyon ilegal sa yo te sijè a plizyè mezi aplikasyon ke Biwo Pwokirè Jeneral (Office of the Attorney General, OAG) la ak DEC te pran. Apre yo pa respekte lwa anviwonmantal yo epi yo te fèmen kòmsadwa plis pase 400 nan pui yo, OAG ak DEC te depoze yon pwosè kont Lee ak konpayi li yo pou fòse yo konfòme yo ki gen ladan byen fèmen pui yo, epi tou pou peye amann pou vyolasyon ak flagran yo ki dire lontan.

Tribinal la te deside an favè OAG ak DEC nan ka yo kont Lee, epi li te detèmine ke:

1. Defandan yo pa fèmen plis pase 400 pui petwòl;
2. Defandan yo pa te soumèt plis pase 10 ane rapò anyèl obligatwa pou pui yo;
3. Defandan yo pa te depoze Rapò Òganizasyonèl DEC ki obligatwa yo pou operatè pui yo;
4. Defandan yo pa te bay bon jan sekirite finansye ki te fèt pou asire fèmti pi yo;
5. James Lee responsab pèsonèlman pou amann ak pou ramne pui yo nan konfòmite epi li pa pwoteje pa afilye antrepriz defen li yo; epi
6. Responsabilite pou fèmen pui yo ka pase bay pwopriyetè siksesè pwopriyete mineral ki afekte yo.

Sanksyon 2 milyon te enpoze sou Lee ak antrepriz afilye li yo, ki baze an pati, sou lefèt ke eta a te pwouve ke Lee te benefisyé finansyèman - nan omwen 1 milyon dola - lè yo pa respekte lwa anviwònman eta a epi remete jijman kont yo. Nan desizyon li pran an, tribunal la te konstate ke Mesye Lee ak konpayi li yo te vyole lwa sa yo pandan plizyè ane epi yo te inyore tantativ repete eta a fè pou mete Mesye Lee ak konpayi li yo an konfòmite.

Pwi pewtòl ak gaz yo fèmen yo reprezante yon gwo menas pou rezèv dlo potab ak anviwònman an jeneral. Plizyè nan pi Lee yo te deja dechaje lwil nan dlo ki antoure yo epi yo poze menas sante piblik kontinyèl. Anplis de sa, pi sa yo ka emèt metàn, yon gaz ki gen efè sè ki puisan ki kontribye anpil nan chanjman klimatik

Tribinal la te di ke desizyon li te oblige pote yon mesaj solid pou dekouraje lòt operatè pui yo pou yo konsidere abandone pwòp obligasyon pa yo nan pui petwòl ak gaz yo nan eta New York epi kite kontribyab yo peye pou fèmen pou yo. Desizyon an tabli tou presedan enpòtan nan kad lwa byen sou imobilye ki ka itilize pou mande pwopriyetè

pwopriyete ki gen pi ki pa fèmen pou yo konplètman konfòme yo ak egzijans eta a pou fèmen pui yo.

DEC ap kontinye bay sipèvizon rijid sou pi Lee yo epi travay pou asire yo swiv lòd tribinal la lè yo mete tout pui yo an konfòmite. Mesye Lee te deklare ke li pa kapab peye pou fèmti a, men DEC pral chache rekipere byen li genyen ki ka itilize pou ranpli obligasyon jijman an te enpoze yo.

Se Asistan Pwokirè Jeneral Meredith Lee-Clark ak Brian Lusignan ki te okipe zafè sa a, ki te sipèvize pa Konseye Ranfòsman Prensipal la Andrew Gershon ak Chèf Kabinè Lem Srolovic nan Biwo Pwoteksyon Anviwònmantal OAG la. Pou DEC, se Biwo Konseye Jeneral David Keehn ki te okipe zafè a, avèk sipò Chèf Seksyon Divizyon Resous Mineral la Ted Loukides, ki te sipèvize pa Lisa Wilkinson ak Scott Crisafulli, avèk Komisè Adjwen DEC la ak Avoka Jeneral Thomas S. Berkman.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418